

SIPÒTE SANTE DEVLOPMANTAL AK REZILYANS LAKAY JÈN TIMOUN YO AK FANMI YO

Yon bwat zouti pou fanmi ki gen timoun ki gen 3-4 lane.



KREYE SOUVNI

Gen anpil fason pou kreye souvni ak timoun ou yo. Men kèk ide pou w kòmanse.

- **Kreye yon woutin espesyal**, tankou li yon liv ansanm anvan nou dòmi chak jou.
- Kite timoun ou an ede w **prepare manje epi reyini ansanm pou nou manje an fanmi**.
- **Rann travay nan kay la amizan**. Mande timoun ou an pou li mete chosèt pwòp ki pè yo ansanm, pou li kouri ranmase plis jwèt oswa danse ak chante pandan l ap retire pousyè.
- **Fè yon travay atizay**. Travay ansanm pou fè yon kat pou anivèsè yon zanmi. Itilize yon mayo ki pa gen anyen sou li epi kite timoun ou an dekore li ak makè oswa ekri yon istwa epi fè foto ansanm. Kite kreyativite w sòti!
- **Fè Jwèt pretansyon**. Pretann timoun ou an se yon astwonot ki prale nan yon nouvo planèt, yon chofè bis k ap kondi yon bis oswa yon veterinè k ap ede yon bèt pou l fè mye.
- **Jwe yon jwèt klasik** ansanm. Gen yon lis jwèt ki popilè ke timoun yo renmen ki afiche adwat la.

JWÈT KLASIK POU JWE

Jwèt ki amizan pou jwe k ap bay timoun yo konpetans ki ap itil yo nan lavi.

KACH KACH

Jwèt sa montre kòman pou w rezoud pwoblèm: ki kote ou ka kache pou pi lontan?

LIMYÈ WOJ, LIMYÈ VÈT

Jwèt sa anseye pasyans. Pou timoun lan genyen, li dwe tande direksyon yo, li dwe pasyan epi kontwole kò li.

SIMON SAYS

Jwèt sa aprann ou prete atansyon ak sa w tande. Pou w jwe jwèt sa, timoun yo dwe prete atansyon ak enstriksyon lè yo tande mo "Simon Says" yo.

CHÈZ MIZIKAL

Travay an ekip ak jesyon santiman desepsyon yo se konpetans ou aprann nan jwe chèz mizikal.





SIVEYE DEVLOPMAN TIMOUN OU AN

Devlopman timoun ou an se baz aprantisaj ak lasante pou tout vi l. Resous sa yo ka ede w swiv devlopman timoun ou an.

APLIKASYON MILESTONE TRACKER

Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi (CDC) kreye aplikasyon gratis sa pou ede w siveye etap devlopman timoun ou an de 2 mwa a 5 lane.

ETAP DEVLOPMAN YO: 3- A 4-Lane

Akademi Pedyatrik Ameriken an ofri yon lis etap ke paran yo ak gadyen yo dwe siveye.

Si ou gen nenpòt preyokipasyon konsènan devlopman timoun ou an, tanpri konsilte doktè timoun ou an.

PLIS IDE POU KREYE SOUVNI

Vizite sit sa yo pou w dekouvri plis fason pou w konekte ak pitit ou an.

- [Konsèy Pozitif CDC pou Paran yo sou Devlopman Timoun yo](#)
- [10 aktivite Akademi Pedyatrik Ameriken ki pa koute yon goud, ki pa elektwonik pou w jwe ak timoun preskolè yo](#)
- [Maji Jwèt yo: Kòman yo Enspire ak Ede Devlopman Byen Bonè Lakay Timoun yo selon Nemours KidsHealth](#)
- [“Gid Pratik pou Fanmi yo” ke Sant Asistans Teknik Devlopman Byen Bonè lakay Timoun devlope \(Early Childhood Technical Assistance Center\)](#)

